

[**◀Atik
anvan-an**](#)[**Gid jénéral-la**](#)[**Atik▶
apré-a**](#)

TOUAZIÈM CHAPIT **Mouin kouè nan Éspri-Sin-an**

ATIK 12 **« Mouin kouè nan lavi ki pap janm fini-an »**

1020 Krétyin-an ki fè pròp lanmò pa-l fè youn ak lanmò Jézu-a, li ouè
 1523-1525 lanmò-a tankou rivé koté Kris-la yé-a épi antré nan lavi pou tout tan-an.
 Lè l'Égliz-la té fìn di dènié paròl padon absolution-an sou krétyin k-ap
 mouri-a, épi li té maké-l ak dènié onksion k-ap ba-l fòs-la épi li té ba-l
 Kris-la nan viatik-la kòm nouritu pou rout-la, li palé avèk li ak dousè
 asirans :

2677, 336

« Ou mèt pati sot sou tè sa-a, nanm krétyin, o non Bondié Papa-a ki gin tout
 pouvoua-a, li minm ki té kréyé-ou la, o non Jézu-Kri Ptit Bondié vivan-an,
 ki té soufri pou ou-a, o non Éspri-Sin-an, ki té vidé nan ou-a ; jodi-a sé pou
 plas ou-a an pè ni koté-ou abité-a kot Bondié nan Siyon ki sin-an, avèk sint
 Vièj Mari Manman Bondié, avèk sin Jozèf, épi tout Anj ak sin Bondié yo.
 [...] Rétounin kot sa-k té fè-ou la, li minm ki té fòmé-ou sot nan labou tè-a.
 Ou minm donk k-ap soti nan lavi sa-a, sé pou Sint Mari, Anj-yo ak tout Sin-
 yo al rankontré-ou. [...] Sé pou-ou gadé Rédanmtè-ou la fas a fas épi sé pou-
 ou joui kontanplasion Bondié-a pou tout tan gin tan » (OEx "Commendatio
 animæ").

I. Jijman patikilié-a

1021 Lanmò-a mét finisman nan lavi moun-nan kòm yon tan ki té ouvri pou
 1038 aksépté oubyin réjté lagras Bondié-a ki manifesté nan Kris-la (cf. 2 Tm 1,
 9-10). Nouvo Téstaman-an palé osijè jijman-an sitou nan pèspektiv
 rankont final ak Kris-la nan dézièm Avènman-l nan, min pliziè foua tou li
 déklaré chak moun jouinn sa-l mérité tousuit apré lanmò-a dapré aksion-l
 yo épi lafoua li-a. Parabòl pòv Lazar-la (cf. Lc 16, 22) épi paròl Kris-la
 sou koua-a pou bon laron-an (cf. Lc 23, 43), minm jan ak lòt tèks Nouvo
 Téstaman-an (cf. 2 Co 5, 8 ; Ph 1, 23 ; He 9, 27 ; 12, 23) palé osijè dènié
 déstiné nanm-nan (cf. Mt 16, 26) ki kapab diféran pou youn ak pou lòt.

679

1022 Chak moun résévoua dépi lè-l mouri sa-l mérité pou tout tan-an nan
 nanm-li ki pa kapab mouri-a nan yon jijman patikilié ki rapòté lavi yo bay

- ³⁹³ Kris-la soua palintèmèdiè purifikasian-an (cf. Cc. Lyon : DS 857-858 ; Cc. Florence : DS 1304-1306 ; Cc. Trente : DS 1820), soua pou antré tousuit nan kontantman anplin sièl-la (cf. Benoît XII : DS 1000-1001 ; Jean XXII : DS 990), soua pou kondané-l tousuit pou tout tan (cf. Benoît XII : DS 1002).
- ¹⁷⁴⁰ « Nan asouè y-ap égzaminé-ou sou rinmin-an » (S. Jean de la Croix, dichos 64)

II. Sièl-la

¹⁰²³ Moun-yo ki mouri nan lagras-la épi zanmi Bondié épi ki pròpté nèt, y-ap viv pou tout tan ak Kris-la. Pou tout tan yo sanblé ak Bondié paské yo ouè-l « jan-l yé-a » (1 Jn 3, 2), « fas a fas » (cf. 1 Co 13, 12 ; Ap 22, 4) :

« Ak otorité apostolik-la nou défini : dapré dispozision jénéral Bondié-a, nanm tout sin-yo [...] épi lòt fidèl défin-yo apré yo té résévoua Batèm Kris-la ki sakré-a, koté pa gin anyin pou nétouayé ankò, lè yo mouri, [...] oubiyin si lè sa-a té ginyin oubiyin ginyin kichòy ki pou pròpté nan yo, lè yo fin purifié apré lanmò yo-a [...] minm anvan yo rétounin pran kò yo-a épi jijman jénéral-la, dépi apré Asansion Sovè-a Grammèt nou Jézu-Kri nan sièl-la, yo té nan sièl, yo nan sièl é y-ap nan sièl, Rouayòm sièl-yo épi paradi sièl-la avèk Kris-la, antan yo réyini ak asanblé sin zanj-yo, épitou dépi apré soufrans ak lanmò Grammèt Jézu-Kri yo té ouè épi yo ouè sa Bondié yé-a nan yon vizion imédia épi minm fas-a-fas san médiasion okinn kréatu » (Benoît XII : DS 1000 ; cf. LG 49).

¹⁰²⁴ Pèfeksion lavi sa-a ak Trè Sint Trinité-a, kominion lavi sa-a avèk li-a, avèk Vièj Mari, anj-yo épi tout sin-yo yo rélé-l « sièl ». Sièl-la sé dènié aboutisman épi akonplisman sa moun-yo anvi ki pi profon, sitiasion kontantman anplin nan pi ro dégré-a épi définitif-la.

<sup>260, 326,
2734, 1718</sup> ¹⁰¹¹ Viv nan sièl-la sé « rété avèk Kris-la » (cf. Jn 14, 3 ; Ph 1, 23 ; 1 Th 4, 17). Moun yo chouazi-yo ap viv « nan li », min la yo konsèvé, pi plis toujou yo jouinn, pròp idantité pa-yo, pròp non pa-yo (cf. Ap 2, 17) :

« Lavi-a réyèlman sé égzisté avèk Kris-la, paské koté Kris-la yé sé la Rouayòm-nan yé » (S. Ambroise, Luc. 10, 121: PL 15, 1834A).

⁷⁹³ ¹⁰²⁶ Ak Lanmò-l épi Résziréksion-l, Jézu-Kri « ouvri » sièl-la pou nou. Lavi moun ki nan kontantman anplin-yo sé posédé anplin frui Rédanmsion-an Kris-la réalisé-a li-minm ki asosié nan gloua li-a nan sièl-la sa-yo ki té kouè nan li épi ki té rété fidèl nan fè volonté-l. Sièl-la sé kominoté kontantman tout moun-yo ki té inkòporé nèt-alé nan li.

¹⁰²⁷ ^{959, 1720} Mistè kontantman kominion sa-a avèk Bondié épi avèk tout sa-yo ki nan Kris-la dépasé tout konpréansion ak tout réprésantasion. Sint-Ékritu-a palé nou osijè-l nan imaj : lavi, limiè, lapè, résépsion nòs, divin Rouayòm-nan, kay Papa-a, Jéruzalèm sièl-la, paradi-a : « Sa je pa-t ouè, ni zòrèy pa-

t tandé, sa ki pa-t monté nan kè moun, sa Bondié té paré pou sa-yo ki rinmin-l nan » (1 Co 2, 9).

1028 Bondié, poutèt li dépasé tout bagay (transandan), yo pa kapab ouè-l
 1722 jan-l yé-a sof si li-minm li ouvri mistè li-a bay moun-nan kontanplé-l épi
 163 li ba li kapasité pou sa. Kontanplasion Bondié sa-a nan gloua sièl-la,
 l'Égliz-la rélé-l « vizion béatifik » :

« Ki kalité gloua sa ap yé épi ki kantité kè kontan pou yo admèt ou ouè Bondié, gin onè pou patisipé nan kè kontan sové-a ak limiè pou tout tan-an ak Kris Granmèt Bondié-ou la, [...] joui plézi lavi ki pa kapab mouri-a yo ba ou avèk moun kòrèk-yo épi zanmi Bondié-yo nan Rouayòm sièl-yo » (S. Cyprien, ep. 56, 10, 1 : PL 4, 357B).

1029 Nan gloua sièl-la, sa-k nan kontantman-yo kontinué kontan akonpli
 956 volonté Bondié parapò a lòt moun-yo épi tout kréasion-an. Yo déjà ap
 668 kòmandé kòm roua ak Kris-la ; avèk li « y-ap kòmandé kòm roua pou tout
 tan gin tan » (Ap 22, 5 ; cf. Mt 25, 21. 23).

III. Purifikasian final-la oubyin Purgatoua-a

1030 Moun ki mouri nan lagras-la épi zanmi Bondié, min ki pa fîn purifié
 nèt, minm si yo gin asirans yo sové pou tout tan-an, yo soufri yon
 purifikasian apré lanmò yo-a, pou yo kapab rivé gin kondision sin ki
 nésésè pou antré nan kè kontan sièl-la.

1031 L'Égliz-la rélé *Purgatoua* purifikasian final moun yo chouazi-yo ki
 954, 1472 diféran totalman ak chatiman kondané-yo. L'Égliz-la té fòmulé doktrîn ki
 gin rapò ak purgatoua-a sitou nan Konsil Florans-la (cf. DS 1304) épi
 Trant-la (cf. DS 1820 ; 1580). Tradition l'Égliz-la, antan-l fè référans ak
 kèk tèks Sint-Ékritu-a (parégzanp 1 Co 3, 15 ; 1 P 1, 7), palé osijè yon
 difé k-ap purifié :

« Osijè kèk fot ki léjè yo doué kouè gin yon difé k-ap purifié anvan jijman-an, dapré sa vérité-a té di paské si yon moun blasfémé kont Sint-Éspri-a yo
 pap padonnin-l sa ni nan sièk sa-a ni nan sièk k-ap vini-an (Mt 12, 31). Nan
 santans sa-a yo fè konprann gin fot yo kapab rinnèt nan sièk sa-a, kèk lòt
 minm nan sièk k-ap vini-an » (S. Grégoire le Grand, dial. 4, 39).

1032 Ansègnman sa-a apuiyé tou sou pratik priyè pou défin-yo, sa Sint-
 958 Ékritu-a déjà palé osijè-l la : « Sé pousa [Juda Makabé] fè sakrifis padon
 1371 pou mò-yo, pou yo té kapab délivré anba péché-a » (2 M 12, 46). Dépi
 1479 prémie tan l'Égliz-la yo té vénéré souvni défin-yo épi yo té présenté priyè
 pou yo, sitou Sakrifis ékaristik-la (cf. DS 856), pou antan yo purifié yo
 rivé nan vizion béatifik Bondié-a. L'Égliz-la rékòmandé tou fè lacharité,
 gin induljans épi aksion pénitans pou défin-yo :

« Nou poté yo sékou épi nou fè sonjé yo. Si pitit Jòb-yo té jouinn pitié ak sakrifis papa yo-a (cf. Jb 1, 5), poukisa ou t-a douté si sa nou ofri pou sa-k alé-yo t-a kapab ba yo kèk konsolasion ? [...] An nou pa fè parès nan poté sa-k alé-yo konkou épi ofri priyè pou yo » (S. Jean Chrysostome, hom. in 1 Cor. 41, 5 : PG 61, 361C).

IV. Lanfè-a

- 1033 Nou pa kapab fè youn ak Bondié sof si libréman nou chouazi rinmin-l.
Min nou pa kapab rinmin Bondié, si nou fè péché grav kont li-minm, kont prochin-nou oubiyin kont pròp tèt-nou : « Tout moun ki rayi frè-l, li sé kriminèl, nou konnin okinn kriminèl pa gin lavi tout tan-an ki rété nan li » (1 Jn 3, 15). Granmèt nou-an té avèti nou n-ap séparé avèk li si nou réfizé alé dévan békouin grav pòv-yo épi sa-k piti-yo ki frè-l yo (cf. Mt 25, 31-46). Mouri nan éta péché mòtèl san nou pa répanti épi san nou pa akéyi rinmin mizérikòd Bondié-a, sa vlé di rété séparé pou tout tan parapò a li poutèt pròp choua nou fè libréman. Ak mo « lanfè »-a yo désigné sitiasion mété pròp tèt-nou définitivman andéyò kominion ak Bondié épi ak sa-k nan kontantman anplin-yo.
- 1861
393
633
- 1034 Jézu palé pliziè foua osijè « jéèn » difé ki pap étinn-nan (cf. Mt 5, 22. 29 ; 13, 42. 50 ; Mc 9, 43-48), ki rezèvè pou moun ki réfizé kouè épi konvèti jous nan finisman lavi yo, épi koté yo kapab pèdi an minm tan ni nanm ni kò (cf. Mt 10, 28). Jézu anonsé ak paròl sévè : « Pitit moun-nan ap voyé Anj li-yo, y-ap ranmasé tout moun k-ap fè lòt-yo tonbé-yo, ak tou sa k-ap fè péché, y-ap ouété yo sot nan péyi-roua-a, épi y-ap jété yo nan boukan difé-a » (Mt 13, 41-42), épi li-minm l-ap prononsé kondanasian-an : « Ralé kò-nou sot sou mouin, nou minm ki madichonnan, al nan difé tout tan-an ! » (Mt 25, 41).
- 1035
393
- 1734
1428
- Ansègnman l'Égliz-la dékläré lanfè-a égzisté épi sé pou tout tan. Nanm moun-yo ki mouri nan éta péché mòtèl yo désann tousuit apré lanmò-a nan lanfè-a koté yo soufri chatiman lanfè-a, « difé pou tout tan-an » (cf. DS 76 ; 409 ; 411 ; 801 ; 858 ; 1002 ; 1351 ; 1575 ; SPF 12). Chatiman prinsipal lanfè-a sé séparasion ak Bondié pou tout tan, li-minm sèl koté moun-nan kapab gin lavi ak kontantman anplin yo kréyé-l pou li-a épi li anvi-a.
- 1036 Déklärasion Sint-Ékritu-yo épi ansègnman l'Égliz-la osijè lanfè-a sé yon *apèl pou pran responsabilité-a* ki fè chak moun doué sèvi ak libète-l antan-l konsidéré déstiné pou tout tan-an. An minm tan, sé yon *apèl présé pou konvèzion-an* yo yé : « Antré nan pòt ki sérè-a, paské pòt-la laj, rout-la gran, sa-k kondui nan lanmò-a, épi sé anpil moun ki antré ladan-l. Sé pa ti kras sérè pòt-la sérè, sé pa ti kras jinnin rout-la jinnin, sa-k kondui nan lavi-a, min sé yon ti kras moun ki jouinn li ! » (Mt 7, 13-14) :

« Min kòm nou pa konnin ni ki jou ni ki lè, dapré avètisman Granmèt-la, nou doué ap véyé san rété pou, lè nou fini kous yon sèl lavi nou ginyin sou tè-a, nou kapab antré ak li pou nòs-la épi nou mérité pou yo konté nou nan pam sa ki béni-yo, épi pou sé pa tankou mové sèvitè parésé-yo yo ba nou lòd désann nan difé pou tout tan-an, nan fènoua déyò-yo koté ap gin rèl ak manjé dan-an » (LG 48).

1037

162

1014, 1821

Bondié pa prédéstiné pèsonn pou-l al nan lanfè (cf. DS 397 ; 1567) ; pou sa fêt réyèlman fòk gin yon réjè volontè parapò a Bondié (péché mòtèl) épi yon pèsistans nan li jouskalafin. L'Égliz-la nan litiji ékaristik-la épi nan priyè li fè chak jou pou fidèl li-yo ki défin, ap mandé mizérikòd Bondié-a, li minm ki pa vlé « pou kèk péri, min ki vlé pou tout moun tounin fè pénitans » (2 P 3, 9) :

« Granmèt, tanpri, aksépté sa n-ap ofri-ou la ansanm ak tout fanmi ou-an. Toujou fè kè-nou pozé. Fè nou chapé anba pinision ki pap janm fini-an. Mété nou ansanm ak tout moun ou chouazi-yo » (MR, Canon Romain 88).

678-679

V. Dènié jijman-an

1038

1001, 998

Réziréksion pou tout moun ki mouri-yo, « ni pou sa-k kòrèk yo, ni pou sa-k pa kòrèk-yo » (Ac 24, 15), ap vini anvan dènié Jijman-an. Lè sa-a, « lè-a ap rivé, koté tout sa ki nan kavo-yo, y-ap tandé voua [...] [Ptit moun-nan] y-ap soti, sa-k té fè byin-yo, sé pou reziréksion lavi-a, sa-k té fè mal-yo minm sé pou reziréksion jijman-an » (Jn 5, 28-29). Lè sa-a Kris-la ap vini « nan gloua-li, épi tout anj-yo avèk li [...]. L-ap rasanblé tout nasion-yo dévan-l, l-ap séparé yo youn sot kot lòt, tankou yon gadyin séparé mouton-yo ak bouk-yo. L-ap mét mouton-yo kanpé adouat li, bouk-yo agoch li. [...] Sa-yo apral nan chatiman tout tan-an, moun kòrèk-yo minm apral nan lavi tout tan-an » (Mt 25, 31. 32. 46).

1039

678

Sé dévan Kris-la ki vérité-a, vérité osijè rélasion chak moun avèk Bondié pral manifesté définitivman (cf. Jn 12, 49). Jijman dènié-a ap révélé-l, jous nan dènié konsékans li-yo, sa chak moun té fè ki byin oubyin sa-l pa-t vlé fè pandan déroulman lavi-l sou tè-a :

« Yo kinbé tout sa méchan-yo fè épi yo pa konnin, joustan Bondié nou-an vini aklè, épi li pap rét an silans » (Ps 50, 3) [...]. Apré sa l-ap viré kot sa-yo ki agoch li-a : Pòv ti piti mouin-yo mouin té mété sou tè-a pou nou. Mouin minm tankou tèt – sé sa l-ap di – mouin té chita nan sièl-la adouat Papa-a, min manb mouin-yo t-ap soufri sou tè-a, manb mouin-yo té nan békouin sou tè-a. Si nou té bay manb mouin-yo, sa nou t-ap bay-la t-ap rivé nan tèt-la. Épi n-a konnin mouin té mété pòv ti piti mouin-yo lè-m té mété yo sou tè-a pou nou, mouin té établi yo kòm komisionè pou nou pou yo té poté sa nou fè yo nan trézò mouin-an. Epi nou pa dépozé anyin nan min-yo, poutèt sa nou pap jouinn anyin bò koté-m » (S. Augustin, serm. 18, 4, 4 : PL 38, 130-131).

1040 Jijman dènié-a ap rivé lè Kris-la ap rétounin nan gloua-a. Sé Papa-a
 637 sèlman ki konnin lè-a ak jou-a, sé li-minm sèl ki désidé Avènman-l nan.
 Palintèmèdiè Pitit li-a Jézu-Kri, lè sa-a l-ap prononsé paròl définitif li-a
 314 sou tout istoua-a. N-ap konnin dènié signifikasyon tout travay kréasion-an
 ak tout Dispozision pou sové nou-an (Économie du salut) épi n-ap
 konprann chémin ékstraòdinè koté providans li-a té pasé pou-l kondui tout
 bagay nan dènié aboutisman yo. Dènié jijman-an ap révélé jistis Bondié
 trionfé sou tout injistis kréatu-l yo té komèt épi rinmin-l nan pi fò pasé
 lanmò-a (cf. Ct 8, 6).

1041 Anons dènié jijman-an ap rélé pou konvèrsion-an pandan Bondié bay
 1432 moun-yo yon « tan favorab » épi yon « jou pou sové moun yo » (2 Co 6,
 2). Li inspiré krintif pou Bondié. Li pousé nan jistis Rouayòm Bondié-a.
 2854 Li anonsé « espérans ki sin-an » (Tt 2, 13) rétou Granmèt-la, k-ap vini pou
 « fè ouè gloua-l nan sin-l yo épi fè admiré-l nan tout sa-k kouè-yo » (2 Th
 1, 10).

VI. Éspérans nouveau sièl-yo ak nouveau tè-a

1042 Nan finisman tan-yo, Rouayòm Bondié-a ap rivé nan plénitud-li. Apré
 769 Jijman inivèsèl-la, moun ki kòrèk-yo ap kòmandé kòm roua pou tout tan
 670 ak Kris-la, antan yo glorifié nan kò yo ak nan nanm yo, épi inivè-a
 toutantié ap rénouvlé :

310 Lè sa-a l'Égliz-la « nan gloua sièl-la l-ap jouinn akonplisman-l, lè [...] ansanm ak ras moun-nan, tout inivè tè-a ki fè youn yon fason séré ak mounnan épi ki rivé nan aboutisman-l gras a moun-nan, ap réstoré nèt nan pèfeksyon nan Kris-la » (LG 48).

1043 Rénouvèlman sékrè sa-a k-ap transfòmé tout moun épi tout tè-a, Sint-
 671 Ékritu-a rélè-l « nouveau sièl-yo ak nouveau tè-a » (2 P 3, 13 ; cf. Ap 21, 1).
 280 Sé sa ki pral réalizasyon définitif projè Bondié-a : « Réprann tout bagay
 518 nan tèt nan Kris-la, sa-k nan sièl-yo ak sa-k sou tè-a » (Ep 1, 10).

1044 Nan « tout bagay nouveau » sa-a (Ap 21, 5), nan Jérusalèm sièl-la, Bondié ap abité pamí moun-yo. « L-ap suiyé tout dlo sot nan je yo, pap gin lanmò, ni dèy, ni rèl, ni doulè ankò ; paské prémié bagay-yo pati » (Ap 21, 4 ; cf. 21, 27).

1045 Pou moun-nan, achèvman sa-a ap réalisasyon dènié fason pou ras
 775 moun-nan vîn fè youn jan Bondié té vlé-l dépi kréasion-an sa l'Égliz-la ki
 1404 an pèlerinaj-la sé « tankou sakréman »-l nan (LG 1). Moun-yo k-ap fè youn ak Kris-la, y-ap fòmé kominoté rachté-yo, « Vil » Bondié « ki sin-an » (Ap 21, 2), « Madanm-nan, Épouz Mouton-an » (Ap 21, 9). Pap gin okinn péché ankò k-ap blésé-l, pap gin salté (cf. Ap 21, 27), pap gin égoism ki détrui kominoté moun-yo sou tè-a oubyin ki blésé-l. Vizion béatifik-la koté Bondié ap ouvri bay sa yo chouazi-yo yon fason ki pap

janm fini, pral tounin sous kontantman anplin, lapè épi kominion youn ak lòt.

- 1046 *Kanta tout invè-a*, Révélation-an dékläré kijan réalité matériel-la ak moun-nan gin yon déstin ki komin afon :

³⁴⁹ « Réyèlman kréasion-an ap tann révélation ptit Bondié yo [...] li gin espérans. Sèké kréasion-an li minm tou ap délivré sot anba ésklavaj dékonpozision-an [...]. Nou konnin réyèlman tout kréatu ap jémi, ap anfanté tous koulié-a. Sé pa sèlman yo minm, min nou minm tou ki gin prémié kado Éspri-a, n-ap plinn anndan kè nou, antan n-ap tann [...] rédanmsion kò nou-an » (Rm 8, 19-23).

- 1047 Sé poutèt sa, invè vizib-la déstiné, li-minm tou, pou-l transfòmé : « Donk li doué li minm tou rétounin nan prémié kondision-l nan pou-l nan sèvis moun kòrèk-yo san okinn anpèchman » (S. Irénée, hær. 5, 32, 1), antan-l patisipé nan glorifikasyon yo-a nan Jézu-Kri ki résiséti-a.

- 1048 ⁶⁷³ « *Nou pa konnin ki lè tè-a ak ras moun-nan ap rivé nan achèvman yo*, ni nou pa okouran fason tout bagay pral transfòmé. Antouka l-ap pasé, figi tè sa-a ki défomé akoz péché-a, min yo aprann nou Bondié préparé yon novo abitasion épi yon novo tè koté jistis-la ap abité, épi nan kontantman anplin sa-a tout anvi lapè ki monté nan kè moun-yo ap akonpli épi dépasé mézi » (GS 39, § 1).

- 1049 ²⁸²⁰ « Poutan tann n-ap tann yon tè novo-a pa doué éliminé, min okontré révéyé, intérè pou kiltivé tè sa-a koté kò novo fanmi moun-nan ap grandi épi déjà fè ouè tankou yon lonbraj novo sièk-yo. Sé pou sa, minm si yo doué pran souin byin distingé progrè tè-a parapò a Péyi-roua Kris-la, min poutèt progrè sa-a pèmèt òganisé sosiété moun-nan pi byin, li gin anpil inpòtans pou Péyi-roua Bondié-a » (GS 39, § 2).

- 1050 ¹⁷⁰⁹ « Réyèlman, byin dignité moun-nan, kominion fratènèl-la ak libèté-a, sa vlé di, tout byin sa-yo ki frui natu-nou ak travay-nou, apré nou fin gayé yo sou tè-a nan Éspri Granmèt-la épi dapré lòd li-a, n-ap jouinn yo ankò apré, byin pròpté sot anba tout salté, kléré ak limiè épi transfigiré, lè Kris-la ap rimbèt Papa-a rouayòm pou tout tan-an épi sou tout bagay-la » (GS 39, § 3 ; cf. LG 2). Lè sa-a Bondié ap « tout bagay nan tout moun » (1 Co 15, 28), nan *lavi pou tout tan-an* :

« Lavi réyèl-la épi tout bon vré-a sé Papa-a palintèmèdiè Ptit-la nan Éspri-Sin-an k-ap vidé nan tout moun kado sièl-yo tankou nan yon sous : épi poutèt jan li bon pou nou, yo vrèman promèt byin lavi pou tout tan-an pou nou-minm tou moun-yo » (S. Cyrille de Jérusalem, catech. ill. 18, 29 : PG 33, 1049).

RÉZIMÉ

- 1051 *Chak moun nan nanm-li ki pa kapab mouri-a, dépi lè-l mouri, li résévoua nan jijman patikilié-a sa-l mérité nan min Kris-la, jij moun k-ap viv ak moun ki mouri-yo.*
- 1052 « *Nou kouè nanm tout moun ki mouri nan lagras Kris-la [...] yo fòmé pèp Bondié-a apré lanmò-a, lanmò sa-a k-ap dérui nèt nan jou réziréksion-an lè nanm sa-yo ap tounin fè youn ak kò yo » (SPF 28).*
- 1053 « *Nou kouè foul nanm sa-yo ki rasanblé ak Jézu épi Mari nan paradi-a, yo fòmé l'Égliz sièl-la, koté antan y-ap joui kontantman anplin pou tout tan-an, yo ouè Bondié jan-l yé-a épi nan diféran dégré yo asosié ak sin zanj-yo nan gouvènman Bondié sou réalité-yo, sa Kris-la ki nan gloua-a ap égzèsé-a, antan y-ap intèrsédé pou nou épi yo édé féblès nou-an nan pliziè fason antan y-ap pran souin nou tankou frè » (SPF 29).*
- 1054 *Moun-yo ki mouri nan lagras épi zanmi Bondié, min ki pa purifié alapèfeksion, minm si yo gin asirans osijè sové yo sové pou tout tan-an, yo sibi yon purifikasion apré lanmò yo-a pou yo kapab vîn gin nivo lavi sin ki nésésè-a pou antré nan kè kontan Bondié-a.*
- 1055 *Pouitèt « kominion sin-yo », l'Égliz-la rékòmandé défin-yo bay mizé-rikòd Bondié épi li ofri priyè pou yo, sitou sin Sakrifis ékaristik-la.*
- 1056 *Antan l'Égliz-la suiv égzanz Kris-la, li avèti fidèl-yo osijè « réalité lanmò pou tout tan-an ki tris épi ki bay chagrin » (DCG 69), sa yo rélè « lanfè-a » tou.*
- 1057 *Prinsipal chatiman lanfè-a sé séparasion ak Bondié pou tout tan-an, li-minm sèl koté moun-nan kapab gin lavi épi kontantman anplin-an, sa yo kréyé-l pou li-a épi sa li-minm li anvi-a.*
- 1058 *L'Égliz-la priyé pou pèsonn moun pa pèdi : « Granmèt, [...] pa janm kité-m séparé-m avè-ou » (Misèl Romin, Priyè anvan kominion, 132). Si sé vré pèsonn moun pa kapab sové propè tèt-li, sé vré tou Bondié « vlé pou tout moun sové » (1 Tm 2, 4) épi bò koté-l « tout bagay posib » (Mt 19, 26).*
- 1059 « *Trè Sint Égliz Ròm-nan kouè solidman épi dékläré solidman, [...] nan jou Jijman-an tout moun ap parèt dévan tribunal Kris-la avèk kò yo, pou yo rann kont osijè sa yo té fè » (DS 859 ; cf. DS 1549).*
- 1060 *Nan finisman tan-yo, Rouayòm Bondié-a ap rivé nan plénitud-li. Lè sa-a sa-k kòrèk-yo ap roua pou tout tan ak Kris-la ak kò yo épi ak nanm yo ki glorifié, épi minm inivè matérièl-la ap transfòmé. Lè sa-a Bondié ap « tout bagay nan tout moun » (1 Co 15, 28), nan lavi pou*

tout tan-an.

« AMÈN »

1061 Sinbòl-la, minm jan ak dènié liv Sint-Ékritu-yo (cf. Ap 22, 21), fini ak
2856 mo ébré *Amèn*-nan. Konsa tou yo jouinn li anpil foua nan finisman priyè-
 yo nan Nouvo Téstaman-an. Minm jan-an tou, l'Égliz-la fini priyè-l yo
avèk *Amèn*.

1062 An ébré, *Amèn* gin minm rasîn ak vèb « kouè »-a. Rasîn sa-a éksprimé
 solidité, sa yo kapab fè konfians, fidélité. Konsa yo konprann poukisa yo
214 kapab di « Amèn » osijè fidélité Bondié aléga nou épi osijè konfians-nou
 nan li.

1063 Nan profési Izayi-a yo jouinn éksprésion « Bondié vérité-a »,
215 littéralman « Bondié Amèn-nan », sètadi, Bondié ki fidèl nan promès li-
 yo : « Sa-yo k-ap rélé bénédiksion sou tèt yo nan péyi-a, y-ap rélé
 bénédiksion-an onon Bondié vérité-a [Amèn-nan] » (Is 65, 16). Granmèt
 nou-an anplouayé anpil foua mo « Amèn »-nan (cf. Mt 6, 2. 5. 16), pafoua
156 sou yon fòm rédoublé (cf. Jn 5, 19), pou-l byin montré yo doué kouè sa l-
 ap anségné-a, antan otorité-l fondé sou vérité Bondié-a.

1064 Sé poutèt sa, dènié « Amèn » Sinbòl-la tounin réprann épi li konfirmé
 prémié paròl li-a : « Mouin kouè ». Kouè sé di « Amèn » pou paròl-yo,
 promès-yo, kòmandman Bondié-yo, sé fè-l konfians totalman, li-minm ki
 « Amèn » rinmin san limit-la ak pèfeksion fidélité-a. Lavi krétyin chak
197, 2101 jou-a ap yon « Amèn » donk pou « mouin kouè » Déklarasion lafoua
 Batèm nou-an :

« Sé pou Sinbòl ou-a tankou yon glas pou ou. Sé la pou ouè-ou, si ou kouè
tout sa-ou dékläré ou kouè-yo, épi fè kè-ou kontan chak jou nan lafoua-ou
la » (S. Augustin, serm. 58, 11, 13 : PL 38, 399).

1065 Jézu-Kri li-minm sé « Amèn »-nan (Ap 3, 14). Li sé « Amèn » définitif
 rinmin Papa-a pou nou ; li-minm li pran épi li akonpli « Amèn » nou-an
 bay Papa-a : « Tout promès Bondié yo réyèlman, sé “oui” yo yé nan li ; sé
 pousta pa pouvoua li tou “Amèn” pou Bondié pou gloua-a pa lintèmèdiè
 nou » (2 Co 1, 20) :

« Bondié, Papa-nou, ou minm ki gin tout pouvoua,
é ki fè youn avèk Éspri-Sin-an,
sé pa pouvoua Jézu-Kri, sé avèk li, sé o non li,
ou jouinn tout kalité louanj ak konpliman,
dépi tout tan é pou tout tan.

AMÈN ».

[◀ Atik](#)

[Gid jénéral-la](#)

[Atik ▶](#)

PRÉMIÉ PATI: DÉKLARASION LAFOUA-A

anvan-an

apré-a